



MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFEYONÈL (MENFP)
FILYÈ ANSÈYMAN JENERAL
SERI: (SES SVT SMP)
BAKALOREYA SESYON JIYÈ 2022
SEGONDÈ IV
KREYÒL

RABONNEN

Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

Durée de l'épreuve :2 heures 30

Limena bout ke

Yon bagay ki te atire atansyon moun anpil kay ti demwazèl la, se bèlte ak chètout manzè, se pa nan je nan tèt li senpman sa te chita. De je manmzèl, san di petèt, te tankou de boul kristal ki t ap liminen kò yo nan fè woulaloup nan mitan de glas ki kanpe kinalaganach, youn an fas lòt. Pè jarèt ti dam nan kole ak de ranch li. Dimansyon granmèt la te kenbe nan men li pou l te bay manmzèl fòm kò li. Kòm kwa, ata pye ti demwazèl la pa t fèt pou yo pile tè. Manmzèl pa t gen ni pye ki ta dwe al babote nan chemen labou, nan wout makawon kote bakoulou ap toupizè pase, nan jaden dèchèpiyè, nan okenn ti ladesant dezagreman kote moun gen dwa degrengole. De janm ti demwazèl la sanble yo te fèt pou yo al plezire nan mitan bèl jaden flè, al rapouswiv ti zwazo palmis plim poko fin pouse ki kite nich yo, al tire kont kay vwazinaj, fè ti lago kache. Lè manmzèl drese kò li devan je kretyen vivan, pou l ap mache, ou pa ta di se bèl berejèn men longè, dwèt te fin karese, mete tèt anba, fanm depi anlè jouk nan bòk, epi al plake sa yo jwenn nan sou dèyè janm ti fi a kòm kwa, janm ti demwazèl sila a te gen dwa ap espoze nan nenpòt vitrin, pou fè kè moun kontan.

Ti demwazèl la te gen lakay li tout sa yon ti nègès te ka bezwen pou l fè yon gason mache trennen vin lapriyè nan pye li. Gen moun ki di si kreyati envizib te kapab parèt tèt yo pou yo di yo la, si kreyati ki sòti osnon nan syèl osnon nan yon lòt planèt te ka debake sou latè tout bon vre, yo tout alawonnbadè t ap vin fè jenoutè devan ti madmwazèl la, tèlman ti fi a te konn taye banda...

Edgar Gousse, Limena Bout ke, P.70

PREMYE PATI

A) Konpreyansyon tèks (30 pwen/ 6 pwen pou chak bon repons)

- Kisa ki lakay limena a ki frape tout moun?
- Ki tip tèks ou dekouvri nan sekans sa a? Jistifye repons ou a.
- Ki figi estil ki ou jwenn nan tèks la? Bay yon egzanp.
- Eksplike sans fraz sa a ki soti nan tèks la: « Yo tout alawonnbadè t ap vin fè jenoutè devan ti madmwazèl la. »
- Jwenn de (2) konektè lojik nan tèks la.

B- Gramè – Vokabilè – Tradiksyon (35 pwen/ 5pwen pou chak bon repons)

- Di ki kategori gramatikal oubyen nati mo ki souliye nan fraz sa yo:
a) Lè nou mete tèt nou ansanm, nou kapab avanse. (-----; -----)
b) Kounye a, ou reyalize rèv ou a. (-----; -----)
ch) Sak ou yo chire. Pa nou yo byen koud. (-----)
- Jwenn de (2) mo derive pou chak mo sa yo: direktè- jij- lans.

- Mete yon sinonim nan plas mo ki souliye nan fraz anba yo.

- Petit Matye a se gason ki laj anpil. ()
- Kalo reprezante nanm antrepriz la. ()
- Sòlda ris yo pran tout pati enpòtan Ikrèn yo. ()

- Di nan ki rejis langaj chak fraz nan tablo anba a ye:
kouran- fanmiye-vilgè- soutni.

Fraz	Langaj
Frenk sot devan pòt la!	
Li vrèman gen sousi pou manman l.	
Li monte sou chwal gri a.	
Misyè desann tout diri a.	

- Reprezante fraz sa a sou fòm grafik: Sètènman, sè pyè a te dekoud rad kòtèj la.

- Tradui fraz sa yo an kreyòl.
a) Tu devras le supporter dans ses faiblesses.
b) Le départ de sa mère le blesse profondément.

DEZYÈM PATI

CH- Literati (10 pwen)

- Konplete definisyon sa yo:
a) Pèlen tèt se yon pyès teyat otè ayisyen yo rele _____
b) Non teyatral « Théodore Beaubrun » se _____
ch) Yon vèb ditranzitif se yon vèb _____

TWAZYÈM PATI

D- Pwodiksyon ekri

Chwazi yon (1) sijè: (25 pwen)

- 1- Jounen jodi a, anpil tifi pa vle aprann lekòl ankò paske yo konte sou bèlte yo. Anpil nan yo kwè nenpòt gason ap pran yo inikman sou kritè sa a. Ekri yon tèks agimantatif pou montre yo yo twonpe yo.
- .
- 2- Ekri yon tèks eksplikatif pou ou montre diferan valè espò genyen pou kèlkeswa moun nan. Ou dwe glise kèk sekans enfòmatif ak deskriptif anndan detay sa yo.